



BAB V **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, hasil panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Minat siswa kana pangajaran basa Sunda, tina 37 siswa kelas X-D SMA Negeri 14 Bandung anu ditalungtik, nuduhkeun yén aya 27 siswa anu minat kana pangajaran basa Sunda na dina katégori luhur, sésana 10 siswa anu minat kana pangajaran basa Sunda na dina katégori cukup. Lamun dicindekeun, skor minat siswa rata-rata 121,4 sedengkeun peunteun rata-rata sanggeus dibuleudkeun rata-rata 8,08 atawa 80,8%. Jadi sanggeus dikanapeunteunkeun minat siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung kana pangajaran basa Sunda téh rata-ratana 8,08 atawa 80,8% cindekna minat siswa téh luhur.
- 2) Préstasi diajar basa Sunda siswa kelas X-D SMA Negeri 14 Bandung, aya 33 siswa (89,19%) anu préstasi diajarna aya dina taraf alus, sésana 4 siswa (10,81%) anu préstasi diajarna aya dina taraf cukup. Lamun dicindekkeun, préstasi diajar basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung semester ganjil taun ajar 2012-2013 aya dina taraf alus (85,16).
- 3) Korélasii antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung nya éta 0,724. Saterusna éta angka dibandingkeun jeung harga r dina tabél nilai *product moment* dina taraf signifikansi 5% anu nuduhkeun angka 0,325. Dina éta tabél, katitén yén harga r itung leuwih gedé tibatan r tabél. Hal ieu ngabuktikeyun aya korélasii antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung préstasi diajar siswa, jeung saupama ditilik tina interprétsasi nilai ' r ', indéks korélasii 0,724 aya dina katégori korélasii luhur. Uji déterminasi dilakukeun pikeun mikaweruh gedéna

konstribusi (sumbangan) variabel berasal kana variabel kauger dina panalungtikan. Tina hasil ngitung koefisién determinasi dumasar kana rumus Sudjana, kanyahoan yén koefisién déterminasi minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung prestasi diajar siswa téh gedéna 72,4%. Hal ieu miboga harti yén 72,4% prestasi diajar basa Sunda kapangaruhan ku minat siswa kana pangajaran basa Sunda, sedengkeun 27,6% deui kapangaruhan ku faktor séjén salian ti faktor minat siswa kana pangajaran basa Sunda. Dumasar kana hasil itungan uji hipotésis, katitén yén t itung na nya éta 6,216. Ari dina dk: n-2, dina taraf signifikansi 5% nuduhkeun angka 2,021. Hal ieu nuduhkeun yén t itung leuwih gedé tibatan t tabel. Ku sabab kitu, Ho ditolak, nu hartina Hi ditarima nya éta “Aya korélasii anu positif tur signifikan antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung prestasi diajar siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung”.

5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha saran pikeun ngoptimalkeun minat siswa kana pangajaran basa Sunda.

1) Saran pikeun guru:

Guru dipiharep bisa ngaronjatkeun jeung méré informasi ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung basa Sunda, saperti ngawanohkeun budaya, sastra, jeung basana. Bisa ku cara maké media jeung bahan-bahan pangajaran anu ngirut panitén siswa. Hal ieu sangkan ngaronjatkeun deui minat siswa kana pangajaran basa Sunda.

2) Saran pikeun siswa:

Siswa salawasna kudu ilu biung jeung aktif dina kgiatan-kgiatan anu aya patalina jeung basa Sunda. Hal ieu bisa méré kesan anu positif ngeunaan basa Sunda.

3) Saran pikeun panalungtik:

Perlu pisan ayana panalungtikan anu leuwih jembar ngeunaan minat siswa. Nepi kabisa méré hal-hal anu anyar tur positif pikeun ningkatkeun minat siswa kana pangajaran basa Sunda.

Mudah-mudahan ku ayana saran-saran nu diasongkeun di luhur, aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun minat siswa kana pangajaran basa Sunda sangkan prestasi diajar siswa bisa leuwih maksimal.